



ÈSKE OU TE KONNEN?

Plis pase mwatye nan moun ki te jwenn konsèy te achte yon **kay nan 1 ane.**

- HUD Office of Policy Development and Research

KONSÈY LOJMAN APWOUVE HUD SE RESSOUS OU KA FÈ KONFYANS.

N ap bay konsomatè jarèt pou yo ka fè bonjan desizyon sou lojman. Konsèy lojman HUD apwouve yo ede plis pase yon milyon fwaye chak ane.



Menm si yo apwouve yon ajans konsèy lojman, sa pa vle di HUD bay yon garanti oswa andòsman ajans ki apwouve a oswa anplwaye li yo pou yon kliyan oswa nenpòt lòt òganizasyon oswa moun. Lè yo apwouve li sa vle di ajans la genyen kalifikasyon epi li te respekte kondisyon HUD egzijze yo.



MOUN K AP ACHE KAY

LOJMAN

KONSÈY AK OU MENM



OFFICE OF
HOUSING COUNSELING
hud.gov/housingcounseling
1-800-569-4287

SE LA POU W KÒMANSE POU ACHTE KAY OU

ANN PALE SOU LI

- ▶ Konbyen ou kapab peye pou kay ou
- ▶ Konbyen depo garanti ou pral bezwen
- ▶ Pwosesis ipotèk la
- ▶ Bidjè pou peman ipotèk ou
- ▶ Sa ou dwe atann nan finalizasyon acha a
- ▶ Ak plis toujou!

Gen anpil kè kontan lè w ap achte on kay, men li ka yon tèt chaje tou. Li pa oblije konsa. Nou la pou ede ou fè rèv ou vin yon realite. Li pou aprann poukisa li bon pou planifye pwosesis pou achte kay ou a ak ajans konsèy HUD apwouve lokal ou a.

NOU PRAL EDE W RIVE

KI MOUN KI KALIFYE POU KONSÈY LOJMAN

- ▶ Moun k ap achte pou premye fwa
- ▶ Moun ki deja pwopriyetè
- ▶ Lokatè
- ▶ Tout moun!

Premye etap pou achte nouvo kay ou se ale nan ajans konsèy lojman HUD apwouve lokal ou a. Yon fwa ou detèmine l ap yon bon chwa pou w achte on kay, konseye lojman ou a pral pale sou pwochen etap yo ak ou, tankou fason pou jwenn bon kay la, chwazi yon pretè, kalite ipotèk, ak plis toujou.

KIJAN NOU KA EDE

POUKISA KONSÈY LOJMAN HUD APWOUVE BON POU OU

- ▶ Nou nan tout peyi a!
- ▶ Konsèy gratis oswa bon mache
- ▶ Pwofesyonèl nan konsèy sou lojman ki gen eksperyans epi ki pa nan paspouki
- ▶ Travay ansanm pou jwenn kay ki bon pou ou a
- ▶ Jwenn konsèy sou bidjè, pwoteje kredi, evite yo sezi kay ou ak plis toujou!

Konesans se pouvwa. Travay ak ajans konsèy lojman HUD apwouve yo pral ba ou jarèt pou desizyon pou achte premye kay ou a yon bèl eksperyans. Ou pral gen enfòmasyon ki nesèsè pou pran bonjan desizyon lè w ap achte, ak pou w yon pwopriyetè kay ki responsab.

KONSEYE LOJMAN NAN KAT KWEN PEYI A



Chemen pou achte kay ou a long, men ou pa bezwen mache poukont ou. Pou aprann plis pou pwosesis pou achte kay oswa pou jwenn yon ajans konsèy lojman HUD apwouve, vizite hud.gov/constructioning oswa rele 1-800-569-4287.